Mwen damou pou Vava

Tèks
Dany Laferrière
Desen
Frédéric Normandin

Mwen damou pou Vava

Tèks
Dany Laferrière

Desen
Frédéric Normandin

Tradiksyon : Antoine Lyonel Trouillot

LES ÉDITIONS DE LA BAGNOLE

EDUCA Vision Inc

Je mi fè chèri,
Sa gen lontan, mwen te yon ti gason
dizan ki te damou fou pou vava. Jodi
a, mwen se yon granmoun abab ki
gen plis pase senkant an, e mwen
damou vava menm jan.
Lanmou pa janm mouri.

Dany Laferrière



Pou Viktò !

F.N.



Gwo zwazo rapas ki tou nwa
nan rèv mwen
Di m sa nou fè ak peyizaj la
Ki sa nou fè ak anfans mwen
J.-F. Brierre

Zanmi, ou menm ki se zanmi m menm si nou ponko janm kontre, kapab ou gen menm laj ak mwen, kapab tou w ap viv ansanm ak grann ou nan yon ti vil sou lòt bò lanmè Karayib la. Sa k pou di?

Anpil fwa lide m vin sou ou, mwen reve w, e mwen mande tèt mwen: «ki sa li dwe ap fè?»

Isit, m ap viv ansanm ak grann mwen, Da. Tout moun rele li Da. Da, san di plis.

Mwen, non pa m se Vye Zo.

Mwen, map viv nan Ti Gwav, kote gen mòn ki moute tèlman wo yo rive nan syèl la. Lanmè pa m lan ble wa, dlo a cho. Li rive jouk nan pye lari kote m rete a.

Vava, se solèy mwen!

P. S. Mwen gen anpil zanmi, men se Maki (chyen m nan) ki pi bon zanmi mwen.

Se zwazo nwa a, vye zanmi sekrè mwen an, mwen bay pòte lèt sa a pou ou. Pou mwen ka rakonte w istwa sa a. Istwa vakans dete yon ti gason ki dizan.

Flanbwayan yo ap pete si tan y ap bay flè.
Lekòl fèmen, vakans rive.

Kouwè li fè chak jou, Maki ap tann mwen devan pòt la.
Maki ak mwen, youn pa janm mache san lòt.

Depi ou tande jiyè rive, mwen pa janm pa tris. Mwen si tèlman pè Vava pati ak manman l al fè vakans yon lòt kote. Vava pa konnen jan mwen damou pou li.

Vakans sa a, kapab mwen pa p resi genyen bisiklèt m anvi genyen depi lontan an. Nenpòt jan, mwen pa tap menm ka moute l. Mwen soufri vètij. Men pa gen anyen ki ban m tanta plis pase yon bisiklèt ki apiye sou yon mi.
Yon bisiklèt wouj.

Kouzin mwen an, Didi, damou pou zanmi mwen an, Franns.
Mwen konn sa pase Didi pa janm ka rive gade Franns.
Gen de lè mwen gen enpresyon Vava tou damou pou
Franns. M ta renmen se mwen k Franns.

Yon zandolit vèt pran pòz l ap dòmi pou li ka vale yon mouch. Da sèvi tèt li yon tas kafe. Yon gout kafe cho tonbe sou do zandolit la. Li file nan zèb yo ki moute men wotè.

Apremidi an vanse fini. Li prèske aswè. Syèl la wòz. Lè a bay yon sant fimye.

Chak apremidi Da wouze galeri a. Mwen renmen lonje kò m pou m gade foumi yo kap neye nan fant brik yo.

Ak yon ti pay zèb m eseye sove kèk grenn.

Tout tan, se nan pak kote Ojine, palfrenye a, mare chwal yo n al jwe foutbòl. Nou pa janm sispann jwe toutan li pa fè nwa tout bon. Yon jou kontinye jwe nan fè nwa a. Se toujou konsa nan komansman gran vakans.

Jouk kounye a mwen sonje jou granpè m mennen m sou pò a pou premye fwa. Se ak gwo pous mwen, mwen dekouvri lanmè. Se yon bagay ki dwòl, mwen santi lanmè ap rele m e mwen pè l an menm tan.

E si pwason yo deside pou yo manje janm mwen?
Kanmenm yo pa sa pa konnen mwen abityè manje pwason.

Pèsonn p ap wete
nan lide m si syèl la ble
se paske gen lanmè.
Lanmè chaje pwason, syèl
la chaje zetwal.
Lè lapli ap tonbe,
se prèv syèl la likid.


Gade nèg sa a byen: se mèt Lone rate a: Badin li nan men l,
chapo l nan tèt li, l abiye tout an blan. Sou kote l, mouri ap
kouri nan tout direksyon. Limenm, l ap pwomennen anba lapli
san yon sèl gout pa tonbe sou kostim li an.

Solèy la toujou reparèt pi djanm apre yon lapli. Ou ta di chak ma dlo jwenn yon reyon limyè.
88
MAKI!
NOOON!


Dlo voye tout kote. Sou figi m.
Sou rad Da.

Mwen nève. Men,
fò mwen di w, se pi bèl
plezi nan lavi Maki.

Vava rete sou lòtbò mòn lan. Mwen pa wè ki lè
li rive sou mwen. Li rive nan do m, se toujou konsa sa
pase. Vava mete yon rad jòn.

Ou ta di yon flè solèy kap pwonmnen
sou yon chan mayi.


Didi, kouzin mwen
an, pa janm
sispann ri lè
Franns fè li
moute sou bekàn
li an. Zina tou.
Franns konn ki jan
pou li fè fi yo ri.
Mwen, se Vava
mwen ta renmen
fè ri.

Lè mwen pwoche twò pre l, kè m tonbe bat ak tout vitès. Ou ta kwè li pral soti nan bouch mwen tonbe atè a. Mwen fè vizyon kè m la a, nan pye m, devan yon bann foumi pikan ki pare pou manje l.
Ay! Mwen cho. Mwen fret. Mwen pa santi m byen.

Da ak mwen,
nou renmen
rete chita
byen ta anba
galeri a pou nou
chèche zetwal
pa mwen an.
*
Yon jou swa
mwen mande
Da esplike m
ki sa ki
paradi a. Li
moutre m
kafetyè li a.
Da toujou
fèmen zye l lè
li ap bwè kafe.

Da rakonte m tout kalite istwa zonbi, lougawou,
femèl djab pou jouktan dòmi pran m.
Lè lè a rive pou l al nan kabann li, Da
pa wè m ki blayi nan mitan
sak kafe yo.

Tout moun nan Ti Gwav konnen, kou l fè minui,
Pasilis, machann vyan lan, tounen yon chwal.


Yon chen jape.
Mwen pantan
nan dòmi an.
Mwen leve b rip.

Mwen pou kò m
anba galeri a, e
tout djab ki
sòti nan lanfè ap
mache nan lari pa
mwen an. Da louvri
pòt la jistaman
pou li wete m nan
sitiyasyon sa a.
Vant Da cho.
Mwen plòtonnen
kò m sou kabann
lan, tou kole ak
chalè vant Da.

Ri Sen Pol
Maten an, yon ti gason ki rete nan ri fratènite di mwen gaumen tankou yon ti fi.
Mwen manke rache zòrèy li ak yon kout dan. Mwen mèg, se vre, men mwen pa tolere yo pase m nan betiz.

Mwen ale nan fèt Didi, kouzin mwen an. Tout moun ap danse. Mwen rete chita nan yon kwen. Mwen te vle wè Vava nan bèl rad jòn tou nèf li a.

Didi vle mwen
danse ak
Vava. Lè li fè
men m
kontre ak
men Vava, kè
m si tèlman
bat fò
mwen sispann
respire.

Da pase kanf devan nen m pou m respire. Mwen renmen sant kanf lan. Li pike nen m epi li moute nan sèvo m. Da pase de jou ap ban m swen nan chanm mwen an.

Timiz,
gerisèz la, vini
maten an. Li fè
yon bon tan ap rale m ak lwil
palmaskriti. Mwen pè l. Ak tèt
zwazo rapas li a.

Lè doktè a di mwen pa fè malarya, vye maladi
sa a ki te pote, Ogis, zanmi mwen
an ale ane pase, Da chante Alelouye
pou remèsye Lavyèj.

Da ban mwen yon beny fèy zoranj nan lakou a. Lafyèv
la ale, men depi mwen fèmen zye m, mwen toujou
ka wè bèl rad jòn Vava a.



Gwo zye nwa Vava yo vin poze sou zye m,
tankou papiyon. Yon sèl kou, mwen
santi yon anvi rapid pou mwen pote yon
bouke flè sovaj bay Vava.



Se bekàn bòs fòjewon an. Li wouj, tankou tout bekàn mwen wè nan rèv mwen yo. Si Montilas kenbe m, l ap fonn mwen tankou yon metal. Mwen pa ka reziste devan bisiklèt sa a k ap tann mwen pou pèmèt mwen pran wout sid pou mwen.

Vava renmen m. M ap kouri. M ap file. M ap kouri vin ekri w, oumenm, zanmi m, ki rete lòtbò dlo. Fò m fè w konnen Vava renmen m. Tout planèt la dwe pou konnen Vava renmen m.

Mwen damou pou Vava
a été publié sous la direction
de **Jennifer Tremblay.**

CONCEPTION GRAPHIQUE
Christine Houde
Philippe Brochard (version créole)

© 2006 Dany Laferrière, Frédéric Normandin,
et les Éditions de la Bagnole
Tous droits réservés

DÉPÔT LÉGAL 2006
Bibliothèque et Archives nationales du Québec
Bibliothèque nationale du Canada

ISBN 2-923342-09-7

LES ÉDITIONS DE LA BAGNOLE
Case postale 88090
Longueuil (Québec) J4H 4C8
www.leseditionsdelabagnole.com

© 2007 Educa Vision Inc., Coconut Creek, FL

EDUCA VISION INC.
7550 NW 47th Avenue
Coconut Creek, FL 33073
www.educavision.com
(954) 968-7433

ISBN 1-58432-402-3

All rights reserved. No part of this publication may be reproduced, stored in a retrieval system or transmitted in any form or by any means, electronic, mechanical or otherwise wthout prior written permission from the publisher.

Toute reproduction, même partielle, de cet ouvrage est interdite. Une copie ou reproduction par quelque procédé que ce soit, photographie, microfilm, bande magnétique, disque ou autre, constitue une contrefaçon passible des peines prévues par la loi du 11 mars 1957 sur la protection des droits d'auteur.

Printed in U.S.A.

Educa Vision Inc.
7550 N.W. 47th Avenue
Coconut Creek, FL 33073
Tel: 954 968 7433
fax: 954 970 0330
www.educavision.com

LES ÉDITIONS DE LA BAGNOLE

leseditionsdelabagnole.com

EDUCA Vision Inc

9 781584 324027